

**DEPARTMENT OF ECONOMIC OPPORTUNITY  
(DEPATMAN OF OPÖTINITE EKONOMIK)  
ASISTANS POU CHOMÈ NAN ZÒN SINISTRE  
DWA AK RESPONSABIITE POU AVANTAJ SOSYAL**

Ou depoze yon reklamasyon pou Asistans pou Chomè nan Zòn Sinistre (ki rele DUA nan lang angle) dapre Lwa Stafford la. Yo pral gade si ou kalifye, epi yo pral fè w konnen.

Pou kalifye pou avantaj sosyal pou nenpòt ki semenn nan DUA, ou dwe genyen kondisyon sa a yo :

1. Ou dwe pa genyen okenn travay, oswa ou kapab genyen yon travay moso jounen sèlman nan yon zòn sinistre leta rekonèt, poutèt malè ki rive a, epi ou pa dwe gen dwa resevwa avantaj pou asistans pou edew retounen travay nan Eta Florida ni nan okenn lòt Eta.
2. Ou dwe remèt papye ki montre kote ou t ap travay ak konbyen ou t ap touche, anvan 21 jou pase apre dat ou depoze reklamasyon an. DUA kapab koupe nan lajan li peye w chak semenn, epi li kapab deklare li te peye w twòp lajan, oswa ou kapab pa kalifye ankò pou resevwa avantaj sosyal, si w pa pote papye ou dwe pote yo. Men sèlman, si w remèt papye ansanm ak yon demann pou yo gade ka w ankò nenpòt kilè pandan peryòd 26 semenn asistans pou chomè nan zòn sinistre a, yo kapab aksepte papye sa a yo. Pi bon papye pou w remèt, se dènye papye ou te deklare taks pou ane a, oswa W-2 a.
3. Ou dwe fè reklamasyon pou avantaj sosyal yo san pran reta, dapre direktiv yo bay yo. Si w pa fè reklamasyon pou avantaj sosyal yo nan lè ou dwe fè l la, sa kapab lakòz reta pou yo peye w, oswa ou kapab pèdi avantaj sosyal ou yo.
4. Si yo ofri w nenpòt ki travay, ou dwe fè rapò. Si w refize nenpòt travay ou ta dwe aksepte, kote sant pou ede moun jwenn travay nan zòn ou an (One-Stop Career Center) voye w, ou kapab pa kalifye ankò pou resevwa avantaj sosyal.
5. Ou dwe kapab, epi ou dwe la, pou pran yon travay tout jounen pandan pifò lè nan semenn nòmal travay ou. Sa vle di ou dwe pare, ou dwe vle, epi ou dwe kapab aksepte travay ou kapab fè nòmalman, epi pa dwe genyen okenn rezon ni sikonstans – kit se pèsònèl, fizik (sòf si ou pa kapab travay paske ou te viktim nan malè ki te rive a), ni okenn lòt pwoblèm ki anpeche w chache oswa aksepte yon travay tout jounen ou kapab kalifye pou li.

Yo pral ba ou yon fòmilè pou chache travay, epi ou dwe ekri ladan tout kote ou kontakte pou travay pandan chak semenn.

6. Ou dwe rapòte tout travay ou fè, kit yo peye w, kit yo pa peye w pou travay la. Rapòte salè w anvan taks, anvan yo retire okenn lajan sou ou. Mete tout poubwa ou touche, pou chanm ak pou manje. Ou dwe rapòte lajan ou touche kòm rezèvis nan lame, oswa nan Gad Nasyonal, tankou salè, menm jan ak lajan pansyon tou.
7. Si w travay nan pwòp aktivite w, ou dwe rapòte lajan ou resevwa anvan ou peye taks.
8. Ou dwe rapòte chak fwa ou chanje adrès.

Si w jwenn yon travay, epi ou kwè ou kalifye pou tout avantaj sosyal yo, oswa pou moso ladan yo, ou mèt voye enfòmasyon yo nan lapòs oswa nan faks ban nou, nan jou ou genyen pou vin rapòte ankò a, oswa anvan. Sonje ekri nan lèt ou a : (1) Non w, (2) Nimewo sekirite sosyal ou, (3) Dat ou koumanse nan travay la, (4) Konbyen lajan ou touche pou chak jou, depi dat ou koumanse nan travay la jouk dat ou fè rapò a, (5) Non ak adrès kote ou travay la. Ou kapab voye enfòmasyon yo nan faks nan nimewo : (850) 921-3938, oswa bay enfòmasyon yo sou papye nan adrès :

**DUA Claims  
PO Drawer 5350  
Tallahassee, FL 32314-5350**

**Si w gen kesyon sou reklamasyon ou, tanpri telefone 1-800-204-2418. Pa depann sou lòt moun, pou enfòmasyon kòrèk.**

Pinisyon pou Koken : Si yon moun fè espere li falsifye, cache, oswa kamoufle nenpòt ki koken, move jwèt, zouti, oswa aksyon ki fèt, oswa si moun nan fè oubyen sèvi ak nenpòt ki dokiman ekri ki fo, lè li byen konnen dokiman oswa enfòmasyon an genyen deklarasyon ki fo, ki envante, oswa ki bay manti, moun nan pral kondane pou peye yon amann ki pa depase 10 000 \$, oswa pou li ale nan prizon pou yon (1) ane, pou pi plis, oswa l ap pran 2 pinisyon sa a yo ansanm, pou chak nan fòt sa a yo.